

Nama: _____

kelas: _____


NENGETAN PUPUH PUCUNG

Pupuh Pucung ngandung piwuruk, paribasa, atawa banyol. Dina hiji bait dina pupuh ieu aya 4 padalisan kalawan guru wilangan jeung guru lagu 12u, 6a, 8i/o, 12a.



Pupuh Pucung berisi nasihat, pepatah, atau lelucon. Dalam satu bait pupuh ini terdapat 4 baris dengan guru wilangan dan guru lagu 12u, 6a, 8i/o, 12a.

Mangga tonton video di handap ieu:



Contoh Pupuh Pucung:



*Utamana jalma kudu rea batur,
Keur silih tulungan,
Silih titipkeun nya diri,
Budi akal lantaran ti pada jalma.*



Pupuh kabagi kana 2 bagian, nyaeta:

1. Guru Wilangan, nyaeta jumlah enggang (suku kata)
2. Guru lagu, nyaeta sora panungtung ti tiap padalisan (baris)

Contoh dina pupuh di luhur,

1. Guru wilangan

U-ta-ma-na jal-ma ku-du re-a ba-tur, (12)
Keur si-lih tu-lu-ngan, (6)
Si-lih ti-tip-keun nya di-ri, (8)
Bu-di a-kal lan-ta-ran ti pa-da jal-ma. (12)

2. Guru Lagu

Utamana jalma kudu rea batur, (u)
Keur silih tulungan, (a)
Silih titipkeun nya dirii, (i)
Budi akal lantaran ti pada jalma. (a)

Ayeuna pek tangetan ku hidep, jumlah guru wingalangan sareng guru lagu ti pupuh di handap ieu!

1. *Ha-yu ba-tur u-rang di-a-jar sing su-hud*
2. *U-lah la-la-wo-ra*
3. *Bi-si eng-ké hen-teu na-ék*
4. *Ba-tur seu-ri u-rang su-meg-ruk na-lang-sa*
5. *Na-on-na-on pi-wa-rang-na ba-pa gu-ru*
6. *Pi-ga-we sing gan-cang*
7. *O-mat u-lah rek ta-lang-ke*
8. *Pi-wu-ruk-na re-gep-keun ku sa-re-re-a*

No	Guru wilangan	Guru lagu

GOOD LUCK

